



Built to Lead

Pou piblikasyon imedya: 21/06/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON DISTRIBISYON \$30.2 POU 22 KONTE NAN PATI NÒ LETA A GRASA KÒB KI SOTI NAN LISANS SANT TOURISTIK

Kòb lisans yo pèmèt lekòl piblik yo jwenn \$120.8 milyon nan tout leta a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 22 konte ak twa minisipalite nan pati nò leta New York ap resevwa \$30.2 milyon nan kòb lisans gwo kazino touristik ki fèk resevwa yon lisans te peye.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Lajan sa a pral ede konte yo ak otorite lokal yo bay rezidan yo yon seri sèvis ki esansyèl e l ap pèmèt yo pran kèk dispozisyon pou rezidan yo peye mwens taks.” “Sant touristik sa yo ap pèmèt zòn ki nan pati nò leta a jwenn plis tourist ak plis kòb pou devlopman ekonomik. Peman sa yo gentan ede otorite lokal yo wè byenfè yo kapab jwenn grasa pwojè sa yo.”

Peman konte yo se yon pati sèlman nan \$151 milyon ki soti nan kòb lisans kazino yo. Yo distribye kòb sa a nan pati nò leta a grasa yon fòmil yo te defini pou revni jwèt kazino yo nan lwa Upstate New York Gaming and Economic Development Act yo te adopte an 2013: y ap itilize 80 pousan pou lekòl yo e pou desann taks pwopriyete yo, y ap separe 10 pousan ant minisipalite ak konte kote kazino yo ye a, epi y ap voye 10 pousan bay konte ki nan rejyon lwa a deziyen selon popilasyon yo.

Stephen Acquario, ki se Direktè egzekitif New York State Association of Counties, te deklare: “Gouvènè Cuomo montre nou jan tout leta a kapab benefisye yon politik ki efikas nan domèn jwèt aza. Grasa kòb sa a, Gouvènè Cuomo kenbe gwo angajman li te pran lè l te adopte lwa Upstate New York Gaming and Economic Development Act. Kominote ki nan pati nò leta a vrèman bezwen tout milyon dola ki soti nan kòb lisans kazino yo e se toutbon nou apresye sipò sa a.”

Catskills/Hudson Valley: Catskills/Hudson Valley ap resevwa \$10.2 milyon, lontan avan Montreign Resort Casino ouvri pòt li yo nan sezon prentan 2018. Vil Thompson ak konte Sullivan ap jwenn 10 pousan revni a (yo chak ap resevwa \$2,550,000) poutèt se nan minisipalite sa a ak nan konte sa a kazino Montreign ap fonksyone. Men lòt konte ki pral resevwa yon lòt 10 pousan revni a (yon total \$5.1 milyon) poutèt yo fè pati rejyon Catskills/Hudson Valley dapre lalwa, selon popilasyon yo a:

- Konte Columbia: \$317,631
- Konte Delaware: \$241,536

- Konte Dutchess: \$1,497,583
- Konte Greene: \$247,783
- Konte Orange: \$1,876,777
- Konte Ulster: \$918,687

Y ap distribye 40.8 milyon ki rete yo bay lekòl piblik nan tout leta a, selon fòmil edikasyon leta a.

Rejyon Capital: Rejyon Capital ap resevwa \$10 milyon, lontan anvan Rivers Casino & Resort at Mohawk Harbor ouvri pòt li yo nan kòmansman ane 2017. Vil Schenectady ak konte Schenectady ap jwenn 10 pousan revni a (yo chak ap resevwa \$2,550,000) poutèt se nan minisipalite sa a ak nan konte sa a kazino Rivers ap fonksyone. Men lòt konte ki pral resevwa yon lòt 10 pousan revni a (yon total \$5 milyon) poutèt yo fè pati rejyon Capital dapre lalwa, selon popilasyon yo a:

- Konte Albany: \$1,718,754
- Konte Fulton: \$313,750
- Konte Montgomery: \$283,737
- Konte Rensselaer: \$900,774
- Konte Saratoga: \$1,240,780
- Konte Schoharie: \$185,032
- Konte Washington: \$357,170

Y ap distribye 40 milyon ki rete yo bay lekòl piblik nan tout leta a, selon fòmil edikasyon leta a.

Rejyon Eastern Southern Tier/Finger Lakes: Rejyon Eastern Southern Tier/Finger Lakes ap resevwa \$10 milyon, lontan anvan Del Lago Casino & Resort ouvri pòt li yo nan kòmansman ane 2017. Vil Tyre ak konte Seneca ap jwenn 10 pousan revni a (yo chak ap resevwa \$2,500,000) poutèt se nan minisipalite sa a ak nan konte sa a kazino Del Lago ap fonksyone. Men lòt konte ki pral resevwa yon lòt 10 pousan revni a (yon total \$5 milyon) poutèt yo fè pati rejyon Eastern Southern Tier/Finger Lakes dapre lalwa, selon popilasyon yo a:

- Konte Broome: \$2,360,583
- Konte Chemung*: \$489,532
- Konte Schuyler*: \$117,546
- Konte Tioga**: \$601,619
- Konte Tompkins: \$1,195,165
- Konte Wayne*: \$235,552

Y ap distribye 40 milyon ki rete yo bay lekòl piblik nan tout leta a, selon fòmil edikasyon leta a.

* Yon pòsyon nan konte Chemung, Schuyler ak Wayne fè pati rejyon an akòz limite lalwa mete yo.

** Kazino yo rekòmande a, ki rele Tioga Downs Casino Racing and Entertainment, fè

pati konte Tioga. Yo kenbe pòsyon konte a sipoze resevwa nan kòb lisans Del Lago a poutèt l ap gen dwa resevwa 5 pousan nan \$20 milyon kòb lisans etablisman sa a gen pou l peye lè l jwenn lisans li, e li pap gen dwa jwenn kòb nan men Del Lago. Lè Tioga Downs jwenn lisans li, l ap gen pou l peye yon lòt \$20 kòm kòb lisans. Y ap distribye kòb sa a bay konte ki nan rejyon Southern Tier ak Finger Lakes selon menm fòmil la.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Leta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418